



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARIAT AK CODE FOR AMERICA
AK IRS SOU ZOUTI INIK POU EDE NOUYÒKÈ DEKLARE TAKS DIRÈKTEMAN
GRATIS**

Apati ane 2024, yon nouvo zouti pral pèmèt Nouyòkè ki elijib yo ranpli papyè ak Gouvènman angratis

Yon pati nan Pwogram Pilòt Federal Direct File IRS la pou rann deklarasyon taks pi senp, bay aksè ki pi bon ak plis ekitab ak ranbousman pou fanmi ki gen revni fèb, epi elaji opsyon pou deklarasyon taks pou kontribyab yo

Bati sou angajman Eta Leta Gouvènè a pou fè Gouvènman an travay pi byen pou Nouyòkè yo nan amelyore aksè a avantaj ak sèvis Gouvènman an

Genyen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York pral fè patenarya ak Code for America sou yon zouti deklarasyon dirèk ki inik pou ede Nouyòkè ki elijib yo deklare taks yo nan Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta New York la gratis. Anons sa a vin apre yon mizajou nan Internal Revenue Service ke New York, ansanm ak Arizona, California, ak Massachusetts, pral entegre zouti deklarasyon elektwonik eta a ak zouti deklarasyon elektwonik federal IRS la kòm yon pati nan yon pwogram pilòt limite an gran echèl, k ap kòmanse an 2024.

"Gras a patenarya inik sa a, New York ap franchi yon gwo etap nan direksyon pou modènize sistèm taks nou an epi rann li menm pi fasil pou Nouyòkè yo jwenn aksè ak avantaj taks yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pèsonn pa ta dwe oblije navige nan pwosesis konplèks oswa peye nan pwòp pòch yo pou ranpli taks pa yo, epi apati ane pwochèn, n ap ekipe Nouyòkè yo ak yon nouvo zouti inovan gratis pou bay kontribyab yo plis chwa pou yo fè deklarasyon. Mwen ekstrèmman fyè dèske New York pral youn nan premye eta nan nasyon an ki pral franchi etap solid sa a, epi mwen pa ka tann kolaborasyon kontinyèl ak patnè nou yo nan IRS ak Code for America pou asire ke Nouyòkè yo ka pwofite nouvo zouti sa a pi plis lè li lanse."

Lojisyeèl deklarasyon New York an 2024 pral konstwi pa Code for America, òganizasyon san bi likratif prensipal nan teknoloji sivik ki travay avèk lidè kominotè yo ak gouvènman

yo pou konstwi zouti ak sèvis dijital ekitab, aksesib. Yon fwa ke yo aplike, Nouyòkè ki elijib yo pral kapab deklare elekwonikman an konjwen deklarasyon taks eta ak federal yo ak otorite taks eta ak federal yo gratis, san yo pa sèvi ak moun k ap prepare taks, pwomouvwa pi bon aksè epi ki plis ekitab ak ranbousman taks yo – sitou pou fanmi ki gen revni fèb yo – epi fè pwosesis pou ranpli taks la pi fasil pas anvan.

Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare, "Mwen kontan pou m travay ak IRS sou pwojè enpòtan sa a. Leson nou aprann nan pilòt sa a pral ede asire ke Direct File (Deklarasyon Dirèk), lè yo konplètman aplike li, pral satisfè bezwen kontribyab New York yo. Sa a se reyèlman avni administrasyon taks, ak gouvènman k ap bay yon sèvis pou ranplis deklarasyon taks ki pratik, fyab ak gratis."

Direktè Egzekitif Jeneral Code for America, Amanda Renteria, te deklare, "Deklarasyon Dirèk IRS la gen pouvwa pou transfòme aksè nan sistèm taks la, sa ki fè deklarasyon an vin pi senp ak pi ekitab pou kontribyab yo. Se poutèt sa Code for America kontan anpil pou l fè patenarya ak New York – yon lidè depi lontan nan avanse yon sistèm taks jis ak ekitab pou tout moun – pou asire ke kontribyab ki ranpli ak pwogram pilòt Direct File IRS gen yon solisyon fasil epi gratis pou taks eta pa yo. Zouti sa a pral asire rezidan Empire State ki elijib yo ka jwenn aksè ak plizyè milya dola nan avantaj taks eta yo dwe yo."

Patenarya New York ak Code for America reprezante yon nouvo apwòch ki pwomèt pou senplifye deklarasyon taks eta a, ki bati sou travay prensipal eta a pou modènize enfrastrikti taks etaa. Patenarya sa a bati sou angajman Eta Leta 2023 Gouvènè Hochul la pou fè Gouvènman an travay pi byen pou Nouyòkè yo nan amelyore aksè a avantaj ak sèvis Gouvènman an

Depatman Fiskalite ak Finans New York pral travay an kowòdinasyon etwat ak ekip ekspè Code for America pou devlope dimansyon, lojisyèl, ak kapasite zouti deklarasyon elektwonik eta a. Dapre plan IRS defini, kontribyab ki elijib yo pral gen opsyon pou pataje enfòmasyon sou deklarasyon federal yo ak lojisyèl deklarasyon eta twazyèm pati apre yo fin fè deklarasyon federal yo lè yo itilize Direct File. Nan New York, itilizatè Direct File yo pral kapab pataje enfòmasyon federal yo ak zouti deklarasyon ke Code for America konstwi. Code for America pral prepare pi fò deklarasyon eta a lè l sèvi avèk done sou deklarasyon federal yo, epi pifò kontribyab yo ap gen pou yo reponn pa plis pase kèk kesyon senp pou ranpli deklarasyon taks New York pa yo.

Opsyon ki egziste deja pou sèvis deklarasyon gratis pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo rete an vigè. Pou plis enfòmasyon sou sèvis ki disponib yo gade: <https://www.tax.ny.gov/pit/efile/>

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Patenarya inik sa a se yon gwo viktwa pou kontribyab yo atravè Eta New York. Pandan fanmi nou yo ki gen revni fèb yo ap lite pou debwouye yo, dènye bagay yo ta dwe enkyete yo se kompleksite pwosesis pou ranpli taks oswa aksè ak ranbousman taks yo. Avèk nouvo zouti deklarasyon dirèk sa a,

kontribiyab Nouyòkè ki elijib yo ka ekonomize dè milyon nan frè deklarasyon anyèl nan deklare ak gouvènman an gratis. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou fè gouvènman an travay pi byen pou Nouyòkè yo, epi mwen fyè pou m ede amelyore aksè akavantaj ak sèvis enpòtan gouvènman sa yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Patenarya eksitan sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou elaji opsyon deklarasyon kontribiyab pou Nouyòkè yo. Patenarya ak Code for America pral rann pwosesis pou ranpli taks la pi senp epi bay pi bon aksè epi ki plis ekitab aak ranbousman taks pou fanmi ki gen revni fèb yo. Mwen fyè pou m sipòte patenarya sa a ak angajman Gouvènè Hochul pran pou amelyore aksè ak benefis ak sèvis gouvènman esansyèl yo."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Deklarasyon taks yo ta dwe senp epi aksesib, epi anons jodi a pral rann pwosesis deklarasyon an pi fasil pase anvan pou Nouyòkè yo. Pwogram sa a pa t ap posib san travay Demokrat Kongrè a pou pase Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an, ki te bay IRS finansman ki nesèsè pou modènize operasyon li yo ak dewoule nouvo inisyativ tankou Direct File pou ekonomize dola kontribiyab yo."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Gras patenarya sa a ak Code for America, Eta New York ap pwofite nouvo teknoloji k ap ede fanmi yo ekonomize tan ak lajan pandan sezon taks la. Ansanm ak rediksyon nan pri medikaman sou preskripsyon ak rediksyon nan depans enèji lakay yo, inisyativ sa a ajoute sou lis fason Lwa sou Rediksyon Enflasyon an ap ekonomize lajan konsomatè yo."

Reprezantan Jamaal Bowman, te deklare, "Fanmi klas travayè yo pa ta dwe oblije depanse gwo kantite tan oswa lajan anplis pou ranpli taks pa yo. Deklare taks ou pa dwe nesèsèman yon pwosesis inivèsèlman redoute. Ajans gouvènman nou yo kapab epi yo ta dwe rann li pi senp, epi se egzakteman sa nouvo zouti Gouvènè Hochul la pral fè. Kounye a, Nouyòkè yo pral kapab deklare dirèkteman epi rapidman, sa ki pi bon pou tout moun – kontribiyab yo ak gouvènman an tou. Mwen fyè pou m wè eta nou an rann pwosesis deklarasyon taks la pi fasil pou plizyè milyon Ameriken."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Pou fanmi Hudson Valley ki travay di yo, li pa ta dwe yon doulè oswa yon depans pou deklare taks. Sa a se yon solisyon bon sans nou t ap tann depi lontan pou Nouyòkè yo ka pase wikenn yo ak fanmi yo olye pou yo estrese pou yo deklare taks pa yo. Mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè Hochul pou mennen solisyon ki ekipe inovatè yo, bay soulajman, epi asire ke gouvènman an ap travay pou Nouyòkè yo."

Kritè elijibilite

Kritè elijibilite pou zouti pou deklare dirèk New York la pral detèmine lajanman pa IRS kòm yon pati nan Pwogram Pilòt Direct File federal la. IRS espere ke elijibilite yo pral gen anpil chans limite a kontribiyab ki rapòte kèk kalite revni ak reklame kèk kredi ak ajisteman. Dimansyon pilòt la gendwa chanje, men kounye a IRS prevwa kontribiyab yo pral kapab antre enfòmasyon pa yo sou dispozisyon taks sa yo:

- **Deklarasyon sou Revni:** Revni salaryal W-2, revni retrèt Sekirite Sosyal ak tren, konpansasyon chomaj, Enterè 1,500 dola oswa mwens
- **Kredi:** Kredi Taks sou Revni Salaryal, Kredi Taks pou Timoun, Kredi pou Lòt moun ki Depandan
- **Dediksyon:** Dediksyon estanda, enterè sou prè Etidyan, depans Edikatè

New York ak Code for America pral bay plis enfòmasyon sou elijibilite nan mwa k ap vini yo anvan lansman pilòt la.

Pwogram Pilòt Direct File IRS la

Lwa sou Rediksyon Enflasyon 2022 te bay IRS finansman alontèm pou ajans lan transfòme operasyon li yo ak amelyore sèvis, aplikasyon lwa, ak teknoloji kontribyab yo. Pwojè tankou Direct File reprezante yon objektif Plan Operasyon Estratejik IIRS, pou bay kontribyab yo chwa nan fason yo kominike avèk ajans taks la. Sa gen ladann chwa nan fason yo prepare ak depoze taks yo, kit se atravè yon pwofesyonèl taks, lojisyèl komèsyal taks oswa opsyon pou deklare gratis . Direct File se yon lòt opsyon ankò pou ranpli yon deklarasyon taks federal.

Depi livrezon rapò Direct File la an me, IRS ap travay pou devlope yon pilòt limite pou sezon deklarasyon k ap vini an, li bay yon atansyon espesyal sou pwoblèm yo idantifye nan rapò a ki gen rapò ak sipò kliyan ak taks eta yo. Pilòt nan echèl limite sa a pral pèmèt IRS evalye depans, avantaj ak defi operasyonèl ki asosye ak bay kontribyab yo yon opsyon Direct File volontè.

New York, Arizona, California, ak Massachusetts pral travay avèk IRS pou premye entegrasyon eta a nan pilòt Direct File la an 2024. Kontribyab nan nèf lòt eta ki pa gen yon taks sou revni – Alaska, Florida, New Hampshire, Nevada, South Dakota, Tennessee, Texas, Washington ak Wyoming – kapab tou elijib pou patisipe nan pilòt la.

Konsènan Code for America

Code for America deja nan tèt travay senplifikasyon taks nan Etazin, li te lanse avèk siksè pwogram deklarasyon taks pou asire moun nan Etazini resevwa avantaj yo dwe yo. Travay nan domèn sa a gen ladan:

- [GetCTC](#), yon zouti pou deklarasyon senplifye ki te pèmèt fanmi ki gen revni fèb pou yo ranpli yon fòm elektwonik pou reklame Kredi Taks pou Timoun ak lòt avantaj taks pandan pandemi COVID-19 la. An 2021 ak 2022, prèske 200,000 fwaye te reklame yon estimasyon 685 milyon dola lè yo te sèvi avèk GetCTC.
- [GetYourRefund](#), yon sèvis sou entènèt ki pèmèt kontribyab yo jwenn aksè ak sèvis Asistans Taks sou Revni Volontè (Volunteer Income Tax Assistance, VITA) vityèlman, an patenarya ak prèske 100 sit atravè peyi a.

[Rechèch sou enskripsyon avantaj](#) Code for America te revele ke ajans eta yo nan alafwa eta wouj ak eta ble yo ap anbrase zouti, teknoloji dijital, ak estrateji pou senplifye ak modènize distribisyon avantaj ak sèvis pou dè milyon moun atravè tout peyi a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418